



# Gid Preparasyon Mwen Nan Kadjans



*Yon gid pou pasyan k ap resevwa swen lakay yo ak ekipman elektrik*

## CHAK MOUN DWE GEN YON PLAN

Antan ke yon pasyan k ap pran swen lakay li ak ekipman ki fonksyone sou kouran elektrik – obyen yon manm fanmi k ap bay swen – planifikasyon estrèmman enpòtan paske pandan yon koupri nan kouran elektrik, ou pap gen aksè nan resous chak jou yo.

## PREPARE OU DAVANS

Pandan lapli loraj ak blakawout, reste lwen sèvis alèt, avètisman, epi avi sèvis d ijans lokal yo. Anplis sa:

- Note nimewo telefòn biwo polis ak sèvis ponpye nan county kote ou rete an avèk tout lòt nimewo telefòn lòt òganizasyon ou sèvis ou ap itilize oubyen bezwen.
- Prepare yon bwat ak bagay pou ijans pou lakay ou ak pou otomobil ou. Pou ou prepare bwat sa a, ou ka itilize sijasyon ki nan plan nan paj ki vini apre a.
- Nan ka kote ki gen koupri kouran elektrik, pa mete nan lespri ou ke ekipman ou lan pral travay kòrèkteman – revize lis verifikasyon piba a pou ou ka asire ou ou konnen aparèy ou an pral travay lè gen yon koupri kouran elektrik.

## Kilès Moun Pou ou Rele

Konsève nimewo ajans sa a ki ba ou sèvis lakay ou an akote telefòn lan pou si ou ta bezwen asistans. Epi si ou ta reyèlman nan yon sityasyon kadjans, rele nimewo telefòn 9-1-1.

## CHÈCHE SI GEN ENFÒMASYON AK APARÈY MEDIKAL DISPONIB

**Konsève tout non ak nimewo telefòn sa yo ou sou lamèn** (ou ka konsève yo isit lan):

- Konpayi ekipman medikal ou an \_\_\_\_\_
- Manifakti ki konstwi aparèy ou an \_\_\_\_\_
- Ajans sante lokalite ou lan (si sa aplikab) \_\_\_\_\_
- Doktè pèsònèl pa ou lan \_\_\_\_\_

**Pale ak konpayi ekipman medikal ou an pou ou ka konnen kisa ki pral rive a ekipman ou lan pandan yon koupri kouran elektrik:**

- Èske yon chòk nan tansyon elektrik lan kapab lakòz aparèy mwen an sispann fonksyone? Si se wi, ki pwoteksyon m ap bezwen kont chòk tansyon elektrik?
- Èske aparèy mwen an gen yon sistèm sipò? si se wi, pandan konbyen tan li pral opere, epi ki kote li lokalize?
- Èske aparèy mwen an ka fonksyone si m konekte l sou yon lòt sous kouran elektrik? Si se wi, sou ki lòt tip kouran mwen ka konekte avèk li?
- Pandan konbyen tan aparèy mwen an pral fonksyone si l pa konekte sou yon sous kouran elektrik?
- Kijan chanjman nan tanperati an kapab afekte aparèy mwen an?
- Kijan mwen ka chanje aparèy mwen an sòti de kouran elektrik ale sou pil?



## Bwat Pwovizyon ou nan kadijans

Konsève atik sa yo sou lamen ou nan Bwat Pwovizyon ankadijans ou an:



**Dlo** – yon galon dlo pou chak moun pou yon jounen pou omwen twa (3) jou



**Nouriti** – ou dwe gen manje k ap konsève san gate pou omwen twa (3) jou



**Radyo ki Mache ak Pil** – plis pil an rezèv



**Flach pou Limyè** – ak plis pil flach an rezèv



**Bwat Atik pou Premye Sekou** – asire ou ke ou tchyeke dat ekspirasyon tout sa ki nan bwat sa a epi toujou mentni yo ajou



**Siflè** – pou atire atansyon kote ou bezwen èd



**Mask Pwoteksyon Kont Pousyè** – oubyen majo koton, pou ede ou filtre lè ki kontamine



**Dra Plastik ak Tep pou ou Kole** – pou ou ka konstwiabri sou plas



**Kle Boulon** – pou ou ka fèmen itilite yo lè se nesèsè



**Kle pou ou Ouvri Bwat oubyen Boutèy** – pou ou ouvri tibwat ki gen manje



**Fòmil Manje ak Kouchèt pou ti Bebe** – se nesèsè si ou gen timoun piti



**Kat Wout Lokal yo** – ki gen pami yo yon kat wout zòn pa ou lan epi yon kat kote ou planifye pou ou ale an si ou ap evakye

## Enfòmasyon Siplemanntè Konsènan Aparèy ak Koupi Kouran Elektrik

“Food and Drug Administration” Ameriken an (FDA) ak Ajans Jesyon Kadijans Maryland lan (Maryland Emergency Management Agency) gen yon kantite resous itil ki disponib pou ba ou asistans nan preparasyon pou blakawout. Ou ka vizite sitwèb itil piba yo pou jwenn enfòmasyon silemanntè: <http://www.fda.gov/MedicalDevices> <http://www.ready.gov/individuals-access-functional-needs>  
<http://mema.maryland.gov/Pages/PowerOutages.aspx> <http://www.ready.gov/blackouts>

## Pou Piplis Enfòmasyon ak Piplis Resous

Si ou bezwen plis enfòmasyon ak resous, ou ka vizite sitwèb sa yo:

<http://preparedness.dhnh.maryland.gov>

[www.facebook.com/MarylandOPR](http://www.facebook.com/MarylandOPR)

[www.mncha.org/emergency-preparedness](http://www.mncha.org/emergency-preparedness)

[www.twitter.com/MarylandOPR](http://www.twitter.com/MarylandOPR)

[www.mema.maryland.gov](http://www.mema.maryland.gov)



Se Depatman Sante ak Biwo Ijyèn Mantal pou Preparasyon ak Repons epi Asosyasyon Nasyonal Swen Sante Kapital Maryland lan [Department of Health and Mental Hygiene Office of Preparedness and Response and the Maryland-National Capital Homecare Association] nan yon patenarya k ap bay enfòmasyon sa a.

EKRI NON AK NIMEWO TELEFÒN MOUN AN KI TE BAY OU EKIPMAN MEDIKAL LA NAN KARE SA A.